



MAKE KALANDRIYE W

Lendi 29 avril 2019
7 è pm à 9 è pm

Ramapo Town Hall
Town Council Chambers
237 NY RT. 59, Airmont, NY 10901

REPONN SILVOUPLÈ

Tanpri RSVP et fè nou konnen ke w ap vini

Repons yo pa obligatwa men nou mande patisipan yo pou reponn si posib, pou nou ka gen ase animatè ki pou reyaji sou kòmantè nou ak sou preyokipasyon nou yo. Pou konfime prezans ou, voye yom imel bay RSVP@Route59Study.org oswa ou ka lese yon mesaj sou sitwèb www.Route59Study.org.

Atelye planifikasyon kominotè #2

Vini jwenn nou pou yon dezyèm nan yon seri ki gen kat (4) atelye planifikasyon kominotè ki pou planifye sou avni Route 59 à Airmont, Ramapo, Monsey et à Spring Valley.

New York Metropolitan Transportation Council (NYMTC) a gen bezwen èd ou pou fè previzyon modifikasyon, e pote amelyorasyon nan koridò transpò Route 59 la. Atelye planifikasyon kominotè #2 a pral chèche rasanble kòmantè sou diferan apwòch pou rezoud problèm transpò ak problèm itilizasyon tè ki te idantifye nan premye sansibilizasyon ki te fèt nan kominote a. Atelye ki swiv la pral eksplòre tout sa ki te di yo sitou koze itilizasyon sòl, peyizaj lari yo ak transpò, avèk sou ki fason kòmantè nou yo kapab aplike sou koridò Route 59.

O total, n ap òganize kat (4) atelye planifikasyon kominotè nan zòn etid la. Chak atelye ap chita sou kontribisyon nou pou elabore ide, ki daprè nou menm, ap pote amelyorasyon koulwa a. An plis, gen evènman «pop-up» pandan rasanbleman ak reyinyon yo kominote yo ki pral pran plas nan zòn etid la. Pase vizite sitwèb pwojè a www.Route59Study.org pou anons sou etid yo, rapò reyinyon oswa pou bay opinyon ou oswa pou w fè kòmantè sou manyè pou amelyore Route 59 la.

Nou espere wè w lòtbò a!

Sou etid la

Zòn ki antoure Route 59 la genyen yon evantay pou itilizasyon sòl la, avèk gran sant komèsyal e sit komèsyal e rezidansyèl avèk yon prezans pyeton ki enpòtan. Trafik vwayaj mache ki ap deplase anndan e a travè rejyon an konplèks, paske yo asosye transpò moun ak machandiz o nivo lokal e rejyonal, sitou kamyon, bis, vwati, pyeton ak bekán. Etid sou transpò ak itilizasyon sòl yo nan rejyon Route 59 la pral idantifye e evalye problèm devlopman ak transpòtasyon, avèk pwochen senaryo koridò Route 59 la. Pou konnen plis sou etid * transpò nan rejyon e itilizasyon sòl Route 59 la, ale vizite sitwèb sila a www.Route59Study.org.



Vwa pa w konte

NYMTC envite itilizatè Route 59 yo, sila ki abite anndan e nan anviwon koulwa a, tout pwopriyetè imèb ak antrepriz, gwoup kominotè yo, reprezantan eli ak lòt reprezantan piblik yo pou vin patisipe nan devlopman pwochen visyon Route 59 la avèk kominote li yo.